

Kesyon yo Poze Souvan – Tire Lèt Manman nan Travay la Konsènan Lalwa a

Nan dat 29 Desanm 2022 a, Prezidan Biden te siyen Lwa sou Finans Konsolide pou 2023 a. Lwa a gen ladan Lwa PUMP for Nursing Mothers ("PUMP Act"), ki etann a plis anplwaye k ap bay tete dwa pou yo resevwa tan poz pou tire lèt ak yon kote prive pou tire lèt nan travay epi ki ka afekte kèk nan lòt enfòmasyon yo bay pi ba a. Dapre Lwa PUMP lan, pifò anplwaye ki ap bay tete yo gen dwa pou yo pran yon poz rezonab ak yon kote, ki pa yon twalèt, ki pwoteje kont rega ak entrizyon pou tire lèt pandan yo nan travay. Dwa sa a disponib pou jiska yon ane apre nesans timoun nan.

[Fich Enfòmasyon #73](#) WHD ak Kesyon yo Poze Souvan ki anba a bay enfòmasyon debaz sou lwa a.

Kesyon ak Repons

Kisa yon anplwayè dwe bay travayè ki bezwen tire lèt nan espas travay la?

Anplwayè yo oblige bay yon kantite tan ki rezonab pou poz ak yon espas pou tire lèt osi souvan li nesesè pou anplwaye k ap bay tete a, pou jiska yon ane apre nesans pitit anplwaye a. Frekans poz ki nesesè pou tire lèt ak dire chak poz ap gen chans pou yo varye. Espas anplwayè a bay pa kapab yon twalèt epi li dwe pwoteje de rega an entrizyon kòlèg travay yo oswa publik la.

Ki tip anplwayè lalwa kouvri?

Tout anplwayè ki [kouvri](#) pa FLSA dwe konfòme yo ak dispozisyon konsenan lwa PUMP nan travay FLSA a epi prèske tout anplwaye ki kouvri ak FLSA yo gen dwa pou yo pran tan ki nesesè yo epi pou yo jwenn aksè nan yon espas prive apwopriye pou tire lèt tete pou yon timoun ki nan alètman jiska yon lane apre nesans timoun nan. Nan kèk ka presi, sèten ti biznis ak anplwayè nan sektè transpò yo ka pa oblige bay espas oswa tan pou anplwaye yo tire lèt nan travay. Gade [Fich Enfòmasyon 73](#) sou Divizyon Salè ak Orè pou plis enfòmasyon jeneral sou dispozisyon pou tire lèt nan travay la.

Anpil Eta ameriken, Pòtoriko, ak Distri Columbia gen lwa ki gen rapò ak bay tete epi tire lèt nan espas travay la. Èske nouvo egzijans federal pou tan poz yo enkonpatib ak [lwa Eta](#) sa yo?

Egzijans FLSA nan kad Lwa PUMP la pa anpeche [lwa Eta](#) a ki bay pi gwo pwoteksyon pou anplwaye yo (pa egzanp, tan poz ki reminere oswa tan poz pou tire lèt plis pase yon lane apre nesans timoun nan).

Èske egzijans PUMP nan travay yo aplike pou ti biznis yo?

Tout [anplwayè ki kouvri pa FLSA](#), kèlkeswa gwosè biznis yo, yo oblige respekte dispozisyon sa a. Anplwayè ki gen mwens pase 50 anplwaye yo pa konsène pa egzijans tan pou poz ak espas FLSA a sèlman si respekte egzijans yo ta yon gwo difikilte. Yo detèmine si konfòmite ta dwe yon gwo difikilte lè yo egzamine difikilte a oswa depans pou konfòmite pou yon anplwayè espesifik an konparezon ak gwosè, resous finansye, nati, oswa estrikti biznis anplwayè a. Tout anplwaye ki travay pou anplwayè ki kouvri, kèlkeswa sit travay la, yo pran yo an kont lè y ap detèmine si egzanpsyon sa a ka aplikab.

Pou rezon egzanpsyon pou gwo difikilte, ki jan Depatman an pral detèmine si yon anplwayè gen mwens pase 50 anplwaye?

Yo pran an kont tout anplwaye ki travay pou [anplwayè ki kouvri](#), kèlkeswa sit travay la. Konfòmeman ak definisyon FLSA a pou [anplwaye](#), yo dwe konte "nenpòt moun ki anplwaye pa yon anplwayè", tankou anplwaye aplentan, anplwaye a tan pasyèl, ak nenpòt lòt moun ki reponn ak definisyon FLSA pou anplwaye yo jwenn nan 29 U.S.C. 203(e)(1).

Èske yo dwe peye tan poz la?

Si yon anplwaye pa konplètman libere de fonksyon li, yo dwe peye li tan li itilize pou tire lèt nan travay la. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kisa sa vle di pou w libere konplètman de fonksyon ou, gade [Fich Enfòmasyon sou Divizyon Salè ak Orè #22, Lè w ap travay nan kad FLSA](#). Si anplwayè yo bay poz ki peye, yon anplwaye ki ap tire lèt pandan yon poz dwe jwenn konpansasyon menm jan ak lòt anplwaye yo ki jwenn konpansasyon pou tan poz. Anplis de sa, yo dwe peye anplwaye yo pou poz yo jan lwa Leta oswa lokal yo egzije sa.

Èske anplwayè yo bezwen kreye yon espas pèmanan ki rezève pou anplwaye ki ap bay tete?

Yon anplwayè ka kreye oswa konvèti yon espas tanporè pou tire lèt oswa mete yon espas disponib lè sa nesesè. Espas la dwe alabri de rega ak entrizyon kòlèg

travay yo ak piblik la. Kote yo bay la dwe fonksyonèl antanke espas pou tire lèt. Si espas sa a pa rezève pou izaj anplwaye k ap bay tete yo, li dwe disponib lè anplwaye a bezwen satisfè egzijans legal yo. Anplwayè yo ka chwazi tou pou kreye espas pèmanan rezève pou anplwaye yo tire lèt.

Èske patwon yo dwe bay yon espas pou tire lèt menm si yo pa gen okenn anplwaye k ap bay tete?

Lwa a egzije patwon yo pou yo bay yon espas pou yon anplwaye k ap tete "chak fwa anplwaye sa a bezwen tire lèt la." Si pa gen okenn anplwaye ki bezwen tire lèt manman, lè sa a, patwon an p ap gen obligasyon pou bay yon espas. Pi bon pratik pou anplwayè yo se konsidere ki kote yo pral rann yon espas disponib lè sa nesesè.

Si sèl espas ki disponib pou tire lèt nan yon lokal travay se yon twalèt, èske patwon yo ka mande anplwaye yo pou yo tire lèt la?

Non. Lwa a endike espesifikman espas yo bay pou anplwaye yo tire lèt la pa kapab yon twalèt.

Kisa mwen ta dwe fè si yo refize m espas oswa tan poz pou mwen tire lèt?

Si w panse dwa w pou pran yon poz ki rezonab ak pou gen yon espas ki pwoteje kont je ak entrizyon pou w ka tire lèt nan travay la te vyole, ou ka depoze yon plent nan Divizyon Salè ak Orè oswa depoze yon angaje demach prive pou jwenn reparasyon ki apwopriye. Ou ka rele oswa vizite nenpòt [Biwo Salè ak Orè](#) pou poze kesyon oswa depoze yon plent. Ou kapab rele liy èd gratis nou an tou: I-866-4USWAGE (1-866-487-9243). Si ou soud, ou tandi di, oswa ou gen yon andikap pou pale, tanpri rele 7-1-1 pou jwenn aksè nan sèvis relè telekominikasyon yo.

Si w chwazi depoze yon plent prive paske patwon w lan pa bay yon espas apwopriye pou tire lèt, ou ka oblige bay patwon w lan avi konsènan mankman an ak 10 jou pou li mete li an konfòmite.

Ou pa oblige bay yon preyavi anvan ou depoze yon plent nan Divizyon Salè ak Orè oswa lè w ap depoze yon plent prive pou patwon w lan ki pa akòde yon tan pou poz ki rezonab. Yon anplwayè pa ka fè reprezay kont ou paske w ap egzèse dwa w, depoze yon plent oswa kolabore ak yon ankèt.

Kisa mwen ta ka rekipere si yo te vyole dwa mwen pou tire lèt nan travay mwen?

Si yo te vyole dwa ou pou tire lèt nan travay ou a, ou ka benefisyé mezi korektif disponib nan kad FLSA tankou travay, reyentegrasyon, pwomosyon, peman salè

ou pèdi ak yon montan egal ak domaj-enterè ki likide, domaj konpansatwa ak reparasyon entegral, tankou pèt ekonomik akòz vyolasyon an, ak domaj-enterè pinitif lè sa nesesè.